



Imagine Math

Helping your student succeed at school and at home

Chè Paran oswa Founisè Swen,

Byenvini! Elèv ou a enskri nan Imagine Math pou nouvo ane lekòl la! Imagine Math se yon pwogram matematik adaptatif e entè aktif ki montre konpetans nan matematik nan nivo konpetans elèv ou a, epi ede l mete sa li te aprann yo an pratik. Pou w aprann plis sou li Imagine Math, vizite www.imaginelearning.com/math.

Eksperyans Elèv ou a nan Imagine Math

Imagine Math itilize yon pwogram etid ki fonde sou prensip pou anseye epi ranfòse konpetans nan matematik soti nan senp kalkil bazik rive nan jewometri.

Imagine Math PreK-2 fèt pou jèn timoun k ap aprann e li konsantre l sou premye konpetans nan matematik tankou kalkil, nonm, operasyon ak rezonman lojik. Timoun piti yo plonje nan yon anviwònman liv istwa ki gen pèsonaj adorab ki angaje yo epi montre yo kijan matematik egziste nan mond lan. Toutotan elèv ou a ap jwe Imagine Math PreK-2, yo kapab vizite divès kote tankou yon kabann nan yon pyebwa, yon teren foutbòl, yon forè oswa yon pak bèt pou ka jwe ak leson matematik yo epi rezoud pwoblèm yo.

Imagine Math Grade 3+ akse sou konpetans nan matematik elèv soti 3èm ane rive 8èm ane nan Aljèb 1 e Jewometri kigen leson konseptyèl e ki ajiste a nòm yo. Si elèv ou a bezwen èd adisyonèl, yo gendwa chat ak yon pwofesè matematik sètifye pa Leta epi wè kalkil yo nan ekran an. Toutotan elèv la ap konplete leson matematik yo, y ap fè pwen ke yo kapab itilize pou yo kontribye nan konpetisyon klas la, fè don a òganizasyon k ap ede moun onivo lokal oswa entènasyonal, oswa ankò achte amelyorasyon pou avatar yo.

Utilize Imagine Math Lakay

Elèv ou a kapab ale sou Imagine Math nan yon navigatè entènèt sou yon òdinatè oswa tablèt(se pa telefòn), l ap konekte ak URL epi enfòmasyon pou konbekte pi ba yo. Verifye help.imaginelearning.com pou ka asire w ke òdinatè oswa tablèt ou a reponn a egzijans teknik minimòm yo. Pou ka kenbe pakou aprantisaj pèsonalize elèv ou a epi rapòte kwasans ak pwogrè li, sèlman k ofisyèlman enskri sou Imagine Math ki dwe itilize li lakay.

Sipòte Pwogrè Elèv Ou a

Ou kapab ede elèv ou a reyisi si w enplike nan eksperyans Imagine Math yo.. Swiv rekòmandasyon sa yo pou w ka pi byen pwofite Imagine Math ane lekòl sa a.

- **Ankouraje elèv ou a itilize Imagine Math lakay li.** Ofri yon espas travay san distraksyon epi pèmèt elèv ou a travay pou kont li pou rezoud pwoblèm matematik yo.
- **Rete enplike nan eksperyans Imagine Math elèv ou a.** Mande yo nan ki aktivite oswa leson yo te patisipe oswa nan ki konkou oswa ki òganizasyon yo bay pwen yo.
- **Revize pwogrè elèv ou a ak pwofesè li.** Pale sou pwogrè jeneral pitit ou a, rezilta li nan tès yo, kijan l ap pwogrese parapò a nòm eta yo e peyi a ak domèn konpetans kote l gen difikilte.



IMAGINE MATH
LOGIN

Student: _____

URL: _____

Username: _____

Password: _____

